



Mizik

Jemima Morinvil



Egzèsis tenmpo !

- Konte diferan lo 1-2-3-4 an repetisyon... Sa a se ritm ou.
- Ajoute bat men, kata oswa ou ka mache o pa sou chak batman yo. Kon sa, w ap explore ritm lan pi plis.
- Fè ti moun yo imite w !
- Lè w santi ti moun yo gen yon bon konpreyanson sou konsèp tenmpo a, chanje vitès la — kòmanse dousman epi ale pi vit.
- [Klike la pou w jwenn yon videyo](#)

Tenmpo !

Tenmpo a se sa ki kontwole vitès nan yon moso mizik.

Yon metwonòm se yon enstriman ki tabli tenmpo mizik la.


Ki sa mizik ye ?

- Mande ti moun yo ki sa mizik ye pou yo.

Klike an ba a pou w jwenn videyo



Mande ti moun yo pou yo bay non tout enstriman nan foto sa a jan yo kapab. Si yo pa konnen, mande pou y al fè yon ti rechèch sou enstriman sa yo.





Gen anpil enstriman ki egziste. Men, sa ki pi enpòtan an se vwa w paske se enstriman sa a pi plis moun ka jwe avè l alèz !




Egzèsis vokal !

Egzèsis vokal amelyore
kontwòl souf ou epi sa
ranfòse kòd vokal ou !

Chante « do, re, mi, fa, sòl, la, si, do » nan diferan oktav epi fè timoun yo repete apre w.

Repete otan fwa ke w vle.



A musical staff in treble clef showing the notes of a major scale: C, D, E, F, G, A, B, C. Below the staff, the notes are labeled with their corresponding letters and French names: C (do), D (re), E (mi), F (fa), G (sòl), A (la), B (si), C (do).

Premye liy lan se fason Ameriken rele nòt yo !

Dezyèm liy la se fason sa a nou souvan rele nòt yo ann Ayiti.

[Klike la pou w jwenn yon videyo](#)

Egzèsis vokal 2 !

Mandaly Claude Louis-Charles
Michel DeGraff

The image shows a musical score for a vocal exercise. The top staff is a vocal line in 4/4 time, with lyrics: "a an b ch d e è en f g h i". The bottom two staves are piano accompaniment, with the word "Piano" written to the left. The piano part consists of chords in the right hand and a bass line in the left hand, both in 4/4 time.

- Fè ti moun yo chante alfabè a nan vitès nòminal epi ogmante vitès la apre chak repetisyon.
- Asire w ke y ap di chak grenn lèt kòrèktemen.
- Klike la pou w jwenn videyo [Chante alfabè kreyòl la](#)

Pou ki sa mizik enpòtan ?

- Mande ti moun yo pou ki sa mizik enpòtan pou yo !
- Apre sa, esplike yo kèk rezon ki fè mizik enpòtan.
- Mande ti moun yo ki kote yo konn tande mizik ?

